*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 28 (7346) РУЗМАН 7 июль 2023 сон

12+

## В.В. Путинил хитIаб

***ХIурматиял ЧIарада районалда гIумру гьабулел!***

Улкаялъул Президент Владимир Владимирович Путиница россиязде хитIаб гьабуна улкаялъул югалда «Вагнер» ЧВКялда сверухъ лъугьараб питнаялъул.

Верховнияв Главнокомандующияс гьеб лъугьа-бахьин рикIкIунеб буго ВатIаналъе ва халкъалъе гьабулеб хиянатлъун.

ЦIакъ квеш ккараб жо буго нилъеразго нилъеда мугъзалъ кьаби, жидерго улкаялдехун ярагъ битIизаби, гьелдехун хиянат гьаби, гьебги дунялалъулго рокьукъаб – нацизмалъул ракIги белъизабун. Гьез гьедин хиянатги гьабун, цадахъ хъулухъ гьабулел гьалмагъзаби гьересияб къагIидаялда гьесизарулел руго улкаялда дандечIей гьабизе, гьелдаса хайир дандияже букIинги лъалаго.

Россиялъул аслияб къуват кидаго букIана тIолалго халкъазул цолъиялъулъ. Нилъер улка цо нухалда гуро гьединал захIматал тарихиял лъугьа-бахьиназда гьорлъе ккараб ва бергьенлъигун борчIараб. РитIухълъи букIана ва букIинеги буго нилъеда хадуб.

ТIолалго чIарадисез тIубараб къагIидаялда ккола Россиялъул Президентасул рахъ. КинабгIаги щаклъи гьечIо, гьаб улкаялъул яргъилал къуватал тушманзабигун рагъулеб заманалда, лъугьараб питна гьукъизе ва кьварараб къагIидаялда гьоркьоб кьотIизабизе букIиналда.

## Школа лъугIана меседил медалалдалъун

Районалъул администрациялда, учреждениязулгун организациязул нухмалъулезул совещаниялда, хIурматияб битIараб нухде юссинаюралъухъ. РакI-ракIалъго баркула дуда мустахIикъаб шапакъат. Гьарула дуе щвараб



ахIвал-хIалалда «За особые успехи в учебе» абураб меседил медаль кьуна исана ЩУриб школа лъугIарай ГIабдулаева Зайнаб Расуловналъе.

«КIудиязул гIумруялде тIоцебесеб кIвар бугеб гали дуца мустахIикъго тIамуна. РакIчIараб буго школа лъугIизабураб гIадин лъикIго дуца ВУЗги лъугIизабиялда. Хадуй мун лъугьина районалъул лъай ва гIакълу бугел специалистазул кьеразулъе. Баркала буго дур эбел-инсуе ва гьединго школалъул коллективалъе дуе мустахIикъаб лъайгун гIакълуги кьун, мун бергьенлъиялда гIей гьабун чIечIого, жеги тIадегIанал щвезе. ЙикIа мун дудаго ва дурго лъаялда божарайлъун. Бергьенлъаби, битIккей ва талихI гьарула дуе чIахIиязул гIумруялда», - ян абуна МухIидин МухIамадовас Зайнабихъе мустахIикъаб ва мурадлъун букIараб меседил медаль кьолаго.

ЩУриб школалъул директор Аминат Ярбиловалъ баян гьабуна – медаль щвей гьеб буго тIоцебесеб иргаялда жийго цIалдохъаналъул кIвахI гьечIеб ва тIадчIун, жи-

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

## Дагъистаналъул меседил ахбазан

Унсоколо районалъул Шамилхъала поселокалда тIобитIараб IV-абилеб Республикаялъулаб «Золотой абрикос Дагестана» фестивалалда муниципалитеталъул нухмалъулев МухIидин МухIамадовасул бетIерлъуда гьоркь гIахьаллъи гьабуна ЧIарада районалъул делегациялъги.



Районалъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон росдал





магIишаталъул ва экономикаялъул отделалъул начальник ХIажимухIамад Кьадиев, Культурияб рукъалъул хIалтIухъаби ва лъималазул тIадеги лъай кьеялъул Централъул коллектив ва гьениб лъай босулел лъималги цереккунго хIадурун рукIана тадбиралде.

Нижер районалъул чадиралъур цере лъун рукIана батIи-батIиял сортал ахбазаназул ва гьездаса хIадур гьарурал продуктабазул – бакъвараб курак, ахбазаналъул хIачи, варенье, джем, компо-

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*

## Нухалъул къед щулалъизабуна

ЧIарада районалъул Содаб росдал бакъулъа аскIобго бугеб Мощоб росулъе ва гьениса нахъбуссун райцентралдегун цогидал росабалъе унеб нух рарал цIадазулги, цогидал тIабигIиял шартIазулги, гIемераб мехалъ хIалтIизабиялъулги хIасилалда лъикI гьечIеб ахIвалхIалалде ккун букIана. Жакъа гьениб ремонталъулаб хIалтIи рагIалде бахъунеб буго.

Рехсараб нухлул бутIаялда «Дорожник» ОООялъул подрядалъулаб гIуцIиялъ бана 60 метралъул манзилалда щулалъиялъе къед. БакIбакIазда гьелъул борхалъи бахъунеб буго 2,5 метралде. ХIалтIухъабаз гьенир рекъезарун руго лъим иналъе турбаби, тIун руго бетонналъулал блокал ва жанибе ракьги бан цIезарун руго къеда нахъа бакIал.

«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация заказчиклъун ккoлеб гьел хIалтIаби гьарулел руго «Мой Дагестан – Мои





дороги» абураб республикаялъулаб программаялда рекъон.

Подрядалъулаб организациялъул нухмалъулев ИсмагIил Мусаевасул рагIабазда рекъон гьеб нух цIигьабун къачIаялъ рес кьезе буго щибниги хIинкъи гьечIого гIемераб заманалда хIалтIизабиялъе.

# Школа лъугIана меседил медалалдалъун

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

гар бахъун гьабураб хIалтIул хIасил, гьединго мугIалимзабазул коллективалъ гьелъие рихьизарурал тIадегIанал баллазул хIасилалда мустахIикълъана гьей гьединаб шапакъаталъе. Зайнаб, мун йиго




лъай ва гIакълу кьеялъулъ лъураб бутIаги.

«Жакъа нилъее рохиялъе лъикIаб гIилла буго – нижер школа лъугIарай Зайнаб ГIабдулаевалъе щвана меседил медаль. ЕГЭ кьолаго нижер школалъул чIухIи – нижер меседилаб фонд. Гьарула дуе кинабго рахъалъ битIккей ва хадурккунги лъай борхизабиялъул нухда чIахIиял бергьенлъаби», - ян лъазабуна директоралъ.

# Призывалъулаб ахирисеб къокъа

2023 соналъул ихдалил призыв тIобитIиялъе районалъул рагъулаб комиссариаталъе бихьизабун букIараб план рагIалде бахъунеб буго. ЧIарада районалдаса тIадаб рагъулаб хъулухъ гьабизе ана гIолохъабазул ахирисеб къокъа. Щуго призывникасдаса гIуцIараб гьеб МахIачхъалаялъул сборазул пункталде щвезабуна рагъулаб комиссариаталъул специалистаз.



ГIолохъаби нухда регIулаго призывалъулаб комиссиялъул председатель, районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас ва районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас гIемерал хинал рагIаби абуна улка цIунизе унезул цIаралда.

«Гьарула гьаб нужее бугеб хIалбихьи ине мисалияб къагIидаялда, эбел-эмен, гIагарлъи, ракьцоял разилъуледухъ, гьел нужедаса ва нужер гьунараздаса чIухIулеб къагIидаялда. Хъулухъ гьабе ВатIаналъе ракIбацIцIадго, тIадегIанаб даражаялда», - ян насихIатал гьаруна МухIидин МухIамадовас.

Районалъул рагъулав комиссарас тIаде жубана, гьал жакъа армиялде, Россиялъул ВСалъул кьеразулъ хъулухъ гьабизе унел гIолохъаби ритIине гьечIо СВО унеб ракьалде. Гьел рукIине руго Россиялъул гIорхъабазда жанирго.

Гьединго рагъулав комиссарасул рагIабазда рекъон, районалда призывалъулал тадбиразда хурхарал суалал ана планалда рекъон ва гIуцIараб къагIидаялда.

РакIалде щвезабила, тIолабго Россиялдаго ихдалилаб призывалъулаб кампания байбихьун букIана 1 апрелалда ва лъугIизе буго15 июлалда.

ПРОКУРАТУРА ИЗВЕЩАЕТ

## Изменения в процедуре признания лица инвалидом

22 мая 2023 года постановлением Правительства Российской Федерации от 05.04.2022 № 588 утверждены Правила признания лица инвалидом (далее – Положение № 588).

С 01.06.2023 вступает в силу пункт 28 Положения № 588, в соответствии с которым медико-социальная экспертиза признания гражданина инвалидом может проводится как при личном присутствии гражданина, в том числе с выездом к гражданину по месту его нахождения, так и дистанционно, с применением информационно-коммуникационных технологий.

Медико-социальная экспертиза дистанционно с применением информационно-коммуникационных технологий проводится посредством использования информационных технологий, обеспечивающих дистанционное взаимодействие между собой специалистов бюро медико-социальной экспертизы, в том числе посредством федеральной государственной информационной системы «Единый портал государственных и муниципальных услуг (функций)», с документированием совершаемых ими действий при взаимодействии.

Медико-социальная экспертиза без личного присутствия гражданина проводится путём изучения представленных документов, анализа имеющихся в направлении на медико-социальную экспертизу данных о состоянии здоровья гражданина, отражающих степень нарушения функций органов и систем организма, состояние компенсаторных возможностей организма, сведений о результатах проведенных реабилитационных или абилитационных мероприятий, сведений о результатах медицинских обследований, необходимых для получения клинико-функциональных данных в зависимости от заболевания в целях проведения медико-социальной экспертизы.

При этом, при осуществлении медико-социальной экспертизы без личного присутствия гражданина опрос, осмотр и обследование гражданина специалистами бюро не проводятся.

При проведении медико-социальной экспертизы с личным присутствием гражданина, в том числе дистанционно с применением информационно-коммуникационных технологий, решение объявляется гражданину (его законному или уполномоченному представителю) в присутствии всех специалистов, проводивших медико-социальную экспертизу, которые дают по нему разъяснения.

## За самовольное проникновение на охраняемый объект накажут еще строже

Федеральным законом от 14 апреля 2023 г. N 117-ФЗ внесены изменения в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях. Усилена административная ответственность за самовольное проникновение:

- на охраняемый объект войск нацгвардии, МЧС, СВР, ФСБ, МВД, УИС, объекты, отнесенные к ведению ФОИВ в сфере мобилизационной подготовки и мобилизации;
- на охраняемый объект Вооруженных Сил РФ, объект, защита которого возложена на органы госохраны, подземный или подводный объект, охраняемый ведомственной охраной, объект ТЭК, которому присвоена категория опасности, либо на важный гособъект, сооружение на коммуникациях, к спецгрузу, которые охраняются войсками нацгвардии, если это действие не содержит признаков уголовно наказуемого деяния.

В первом случае назначается штраф от 5 тыс. до 10 тыс. руб., или обязательные работы на срок от 40 до 60 часов, или административный арест на срок до 10 суток. Во втором - штраф от 75 тыс. до 200 тыс. руб., или обязательные работы от 60 до 120 часов, или административный арест до 15 суток. Возможна конфискация орудия совершения административного правонарушения.

## Подписан закон о привлечении к труду осужденных к принудительным работам не только в организациях, но и у ИП

Федеральным законом от 3 апреля 2023 г. № 102-ФЗ внесены изменения в Уголовно-исполнительный кодекс Российской Федерации, согласно которых отбывать принудительные работы можно будет у ИП.

Осужденные, находящиеся под стражей, будут следовать в исправительный центр самостоятельно без конвоя.

Закон вступает в силу через 180 дней после официального опубликования.

## Мобилизованных бизнесменов освободили от статотчетности

Постановлением Правительства РФ от 13 января 2023 г. № 15 «О внесении изменений в постановление Правительства Российской Федерации от 20 октября 2022 г. № 1874» скорректировано постановление Правительства о мерах поддержки мобилизованных. Предпринимателей, которые являются руководителями и одновременно единственными учредителями своих компаний, на период мобилизации плюс 3 месяца освободили от подачи статотчетности.

## О правах граждан предпенсионного возраста при определении пособия по безработице

31 января 2023 года Федеральным законом от 19 декабря 2022 года № 550-ФЗ внесены изменения в статью 10 Федерального закона «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам назначения и выплаты пенсии», гражданам предпенсионного возраста предоставлено равное право на получение пособия по безработице с учетом того максимального размера, который установлен для данной категории лиц на соответствующий календарный год, независимо от даты признания таких граждан безработными. Закон принят во исполнение Постановления Конституционного Суда РФ от 17 марта 2022 года № 11-П, признавшего часть 1 статьи 10 Федерального закона от 3 октября 2018 года № 350-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам назначения и выплаты пенсий» не соответствующей Конституции РФ. Изменения вступили в действие с 30 декабря 2022 года.

ТЕРРИТОРИАЛЬНАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ
КОМИССИЯ ЧАРОДИНСКОГО РАЙОНА

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*6 июль 2023 г. №06/06-9 с.Цуриб*

## О сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий Чародинского района

На основании пункта 12 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, территориальная избирательная комиссия Чародинского района **постановляет:**

1. Объявить о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий.

2. Установить, что сбор предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий осуществляется **с 21 июля по 10 августа 2023 года.**

3. Утвердить прилагаемый текст Сообщения территориальной избирательной комиссии Чародинского района о сборе предложений по кандидатурам для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий.

4. Направить Сообщение территориальной избирательной комиссии Чародинского района для опубликования в районной газете «Чарада».

5. Направить настоящее постановление для размещения на официальном сайте Избирательной комиссии Республики Дагестан в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

***Председатель территориальной избирательной комиссии Чародинского района С.М. ЯРБИЛОВ***

***Секретарь территориальной избирательной комиссии Чародинского района Т. Г. МАГОМЕДОВА***

*Приложение
к постановлению территориальной избирательной
комиссии Чародинского района от 6 июля 2023 года № 06/06-9*

## Сообщение территориальной избирательной комиссии Чародинского района

Руководствуясь пунктами 12 и 14 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6 (далее – Порядок), территоритальная избирательная комиссия Чародинского района сообщает о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий (далее – УИК), сформированных на территории Чародинского района.

Приём предложений осуществляется в период с 21 июля по 10 августа 2023 года территориальной избирательной комиссией Чародинского района:

| Номера УИК | Адрес территориальной избирательной комиссии |
|---|---|
| 1785 - 1816 | ул. И. Шамиля, д. 1, с. Цуриб, Чародинский район, Республика Дагестан, 368450, тел.: (8722) 55-35-71, 8 (964) 012 79 71 tik44rd@yandex.ru. |

При внесении предложений и подготовке документов по кандидатурам для зачисления в резерв составов участковых комиссий следует руководствоваться Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением ЦИК России от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, с которым можно ознакомиться на официальных сайтах Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет».

Ограничений по количеству кандидатур от каждого субъекта права внесения предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий не устанавливается.

В резерв составов участковых комиссий не зачисляются кандидатуры, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 (за исключением подпунктов «ж», «з», «и», «к» и «л») Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

***Территориальная избирательная комиссия Чародинского района***

## Редакция муниципального периодического печатного издания, которое обязано предоставить печатную площадь для проведения предвыборной агитации на муниципальных выборах в Чародинском районе, назначенных на единый день голосования 10 сентября 2023 года

| № п/п | Наименование периодического печатного издания | Территория его распространения в соответствии со свидетельством о регистрации средства массовой информации | Регистрационный номер свидетельства о регистрации средства массовой информации | Дата выдачи свидетельства о регистрации средства массовой информации | Юридический адрес редакции периодического печатного издания | Учредитель (учредители) периодического печатного издания, редакции печатного издания | Доля (вклад) муниципальных образований в уставном (складочном) капитале | Вид выделявшихся бюджетных ассигнований из местного бюджета на их функционирование | Объем выделявшихся бюджетных ассигнований из местного бюджета на их функционирование | Периодичность выпуска периодического печатного издания | Указание на то, что периодическое печатное издание является специализированным |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | «Чарада» | Чародинский район Республики Дагестан (Республика Дагестан) | ПИ № 10 - 4666 | 29.10.2002 | 368450, Дагестан Респ., Чародинский р-н, с. Цуриб, ул. Имама Шамиля, д. 5 | Администрация муниципального образования «Чародинский район» | 100% | - | - | 1 раз в неделю | неспециализированное |

# Дагъистаналъул меседил ахбазан

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

тал. Гьединго рукIана халкъиял кванил нигIматалги – магIарулазул хинкIал, бакъвараб гьан, цIурабакьал, мохмох ва районалда хIадурараб хIанги. Тадбиралъул гIахьалчагIи цоцазухъе гьоболлъухъ щолаан нигIматазул тIагIам бихьизе.

Фестивалалда гIуцIун рукIана творческиял хIалтIабазул выставкаби, шашкаби ва шахматал хIаялъул къецал, мастер-классал, батIи-батIиял конкурсал ва викторинаби.

9 районалда гьоркьор тIоритIарал конкурсазда лъималазул бищун лъикIаб сураталъухъ тIоцебесеб бакI ккуна Марям МухIамадовалъ, кечI лъикIго рекIехъе цIалиялъухъ лъабабилеб бакI щвана Аминат Халиловалъе – гьел кIиялго руго ЦДОДалда лъай щварал цIалдохъаби. Гьезие кьуна хIурматиял грамотаби ва 5 азарго гъурущ гIарац тIад бугеб 05.ru тукадул сайгъаталъулаб картаги.

Гьединго нилъер ракьцояв, Дусрахъ росулъа ЛПХялъул бетIер ХIусен МухIамадовасе лъикIав ахил хIалтIухъан хIисабалда ДРялъул росдал магIишаталъулгун продовольствиялъул Министерствоялдаса кьуна хIурматияб грамота.




# Унеб буго контракталъулаб кампания

**ГьабсагIаталда тIолабго Россиялдаго гIадин нилъер районалдаги унеб буго контрактнияб хъулухъалде рачIинариялъул кампания.**

**Районалъул рагъулав комиссарасул рагIабазда рекъон гьеб бухьинабураб буго щибаб улкаялъул, хасго нилъер гIадаб кIудияб пачалихъалда, рагъулаб къуват кинабго рахъалъ хIадур гьабураб, цебетIураб букIинабизе ккеялда.**

**Ахираб заманалда гIемерисел гIолохъабазе бокьун буго ВатIан цIунизе ине. Гьелдаго цадахъ лъазе хIажатаб буго контракталда рекъон хъулухъ гьабизе ине бокьаразда тIадаб гьечIо срочнияб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе ккей.**



Гьединазда гьоркьов контракталда рекъон хъулухъ гьабизе бокьарав вуго нилъер ракьцояв Халикъов МухIамад ГIалибеговичги.

Гьев гьавуна 1993 соналда Цемер росулъ. 9 класс лъугIаралдаса хадув МухIамад жакъасеб къоялде щвезегIан хIалтIана батIи-батIиял бакIазда. Дагьаб цебе жиндаго тIадаб гражданасулаб налъиги бичIчIун, гьес хIукму гьабуна военкоматалдеги вачIун контракт хъвазе ва СВОялда хъулухъ гьабизе бокьун букIин загьир гьабизе.

ВукIинесев контрактникгун гара-чIвари гьабулаго нижее баянлъана, гьесул хъулухъ гьабизе бугеб пикру тIоцебесеб иргаялда бухьараб букIин жиндирго гIагаразе кумек гьабизе бокьи. Гьел гьабсагIаталда руго СВОялда хасаб рагъулаб тIадкъай тIубазабулел.

«Нижер гIолохъабаз, хасго гьудул-гьалмагъзабаз, СВОялъул ракьалда рагъда гIахьаллъулеб заманалда дицаги хIукму гьабуна гьезие кумекалъе ине», - ян абуна гIолохъанчияс.

«Дир гIагарал чагIазе, хасго эбелалъе бокьун букIинчIо дун гьениве ине. Кинай эбелалъеха бокьилеб вас рагъде ине? Ахирисеб рагIи дида хадуб букIиналъ, дица хIукму гьабуна хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе ине», - ян бицана МухIамадица.




Гражданасул налъи тIубазабиялда цадахъ гьесие рес кколеб буго финансазулаб рахъ лъикI гьабизеги.

Гьарула нилъер ракьцоясе ва цогидал рагъухъабазеги нацистазулгун гьабулеб рагъда бергьенлъиги босун сах-саламатго рокъоре тIадруссин. Гьезул гIагаразул дугIабиги Аллагьас къабул гьарун, гьел нухги битIун нахъруссине хъван батаги.

## Авар кицаби ва абиял

- ХIалтIи бокьулев лъугьине лъабго сон къваригIунеб, кIухIал лъугьине лъабго къо гIолеб.
- ХIалтIи буго рухI гьечIеб жо.
- ХIалтIи гьечIесе къо халатаб.
- ХIалтIи гьечIесул чед гьечIеб.
- ХIалтIи гьечIо, лъикIлъи гьечIо.
- ХIалтIи кьола, гIадамал бергьуна.
- ХIалтIи рихарасул гIусал-цаби чIола. (Кверал хIалтIичIони, цаби хIалтIуларо.)
- ХIалтIуда рекъараб букIуна мухь.
- ХIалтIуе квалквал – квание гьалбацI.
- ХIалтIул квешлъи – гьабунгутIи, гьудуласул квешлъи – хIалккунгутIи.
- ХIалтIул лъикIлъи лъугIидал лъала.
- ХIалтIул свак хIалтIун гурони бахъуларо.
- ХIамида аскIобе гIари бачIунаро, гIорода аскIобе хIама гурони.
- ХIиллаялъ балагьуге, хIалтIун балагье.
- ХIуличIого бана гIака магIида.
- Цараца бацIида гьикъарабила, гьадигIан цIакъ дур габур щиб гьабун биццалъарабилан. БацIица жаваб кьурабила, дирго къваригIелалъ дунго ун биццалъанилан.
- Цебе цIа бакани, нахъа рахъу ккола.
- Цин гьабизе кIухIаллъани, кIицIул гьабизе ккола.
- Цин хIалтIизе, цин кваназе кIицIул дунялалде риччаларо.
- Цо къоялъ цебе бекьараб жо анкьица цебе бижула.
- ЦIад хIаллъани, рокъове, бакъ хIаллъани, гьорове.
- ЦIел хIалтIи цIеца гурони гьабуларeб.
- Черхалда гIакъуба бихьичIони, чехьалда рахIат бихьуларо.
- Чияр кумекалде хьул лъоге, хIалтIун балагье.
- Чорхое рахIат гьабурав, нахъа разилъуларо.
- Чулла гIуруда уна.
- ЧIала мегIер гIанаб цIа ургьибе ккечIони, ЧIохъ бетIер бахъуларо.
- ЧIчIанагIан кIанцIизе кколебилан абурабила гIанкIица.

**<u>ЧIАРАДА</u>**
**БетIерай редактор**
Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь**
Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор**
Манарша Расулова
**Корреспондент**
Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист**
Аминат ГIабдурахIманова

**<u>Газета гIуцIарал:</u>**
**«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**<u>Учредитель:</u>**
**Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ООOялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*